Ққа
Ср С-47



Халмурат Сапаров

# ТӘБИЯТҚА САЯХАТ

Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач

ББК 2
Ср С-47

Халмурат
Сапаров



# ТӘБИЯТҚА САЯХАТ

*(Орта жастағы мектеп балалары ушын)*

232577
Республиканская детская библиотека

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1997

С 47
**Сапаров Х. Тәбиятқа саяхат,** *қосықлар,*—Нөкис: Қарақалпақстан, 36 бет.—1997 ж

*Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары бөлими*



Белгили балалар шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен мәдений хызметкери Халмурат Сапаровтың бул китабына оның соңғы жыллары жазған қосықлары киргизилген. Китаптағы қосықлар үлкемиздиң тәбияты, ҳайўанатлардың, өсимликлердиң айырым түрлери менен оқыўшыларды таныстырады, ҳәрбир инсанды тәбиятты қорғаўға, ҳайўанатларды ҳәм өсимликлерди көздиң қарашығындай етип сақлаўға, олардың санын көбейтиўге шақырады.

Сондай-ақ ата-ана, муғаллимлердиң мектеп оқыўшыларына тәлим-тәрбия бериўдеги хызметлери көркем тил менен шебер сүўретленеди.

С $\frac{4803270202-472}{М-357(04)-87}$ 5-97

ISBN 5—8272—0094—8

10466
MA'LIMLEME RESURS ORAYI
Т14

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1997

# ТӘБИЯТ—ӨЗ ҮЙИМИЗ

## АҚ ТЕРЕК

Ақ терегим алыстан,
Көринесең нурланып.
Ес билгели таныспан,
Жайнап өстиң, жер қанық.

Қулақ ашып бел менен,
Суў ағызсам ишесең.
Үлги болып ҳәммеге,
Дүзиў болып өсесең.

Ақ терегим жайқалып,
Көрик бердиң аўылға.
Турасаң сен шайқалып,
Шыдамлысаң даўылға.

Өсип-өнгиш терексең,
Көкке өрлеп талпындың.
Мүтәжына керексең,
Ертеңги күн халқымның.

Ақ терегим билемен,
Қәдир қымбат баҳаңды.
Бәҳәр келсе тигемен,
Кәлемшелеп шақаңды.

## ҚЫЗЫЛ КИТАП

*(Қырғаўылдың шағымы)*

Палапанлап өскен қуспан,
Тоғайлықта дүрлеп ушқан.
Базыбир адам неге душпан,
Қырғаўылға „қызыл китап“

Алдын алып өтинемен,
Кетиў қыйын узап елден,
Бүйте берсе жер бетинен,
Жоқ боламан „қызыл китап“.
Жийде жеймен тамағым тоқ,
Адамларға зәлелим жоқ,
Көрсе болды үзеди оқ,
Айыбым не „қызыл китап“.

Тәбиятқа бердим көрк,
Қалғаныма болың берк,
Палапаным изге ерип,
Көбейемен „қызыл китап".

Мылтық көшсе қалмас жаным,
Қалдық бүгин бирли-ярым,
Шағымымды еске алың,
Ҳуқықың бар „қызыл китап".

## ҚУР

Қызықтырды бул қус мени,
Қара тауҙың етегинде.
Қырғауылдың мәкийени,
Деп ойладым әдебинде.

Бар өзинде нәмәлим сыр,
Жасырынып жылысады,
Адамлардың көзине қур,
Көринбеуге тырысады.

Болмаған соң бурын таныс,
Таң көринди жүдә маған.
Пәри дөнер қоңыр „сарғыш",
Жуп-жумыры, домаланған.

Азанғы ҳәм кешки уақта.
Өтер екен жолды кесип,
Сақлық пенен тоғай жаққа.
Барар әсте мөнтеңлесип.

Жайылыуға шықса керек,
Суу ишиуге баратыр ма?
Оған көринбеуим керек,
Бой тасалап мен отырман.

Мәканы тау қысы ҳәм жаз,
Қур көп болған бурынлары.
Бүгин бул қус қалып тур аз,
Атып инсан зулымлары.

Ушып-қонып бойын жазар,
Жүрсин тоғайымда гезип,
Егер оған берсең ҳазар
Бул орыннан кетер безип.

Селтең берме, иркилип тур,
Түсе ғойса егер көзге.
Палапанлап көбейсин қур,
Мылтығыңнан оқты үзбе!

## ГЕУИЛ

Ана жердиң байлығы,
Биреу оны екпеген.
Күн жылыса жайылып,
Жапырағы көклеген.

Геуил өсер ақырын,
Баклап барсаң егерде.
Ығал излеп тамыры,
Кетеди он метрге.

Ғеўил өсер далада,
Паркын билсең баҳалы
Наўкасланған адамға,
Тамыры да шыпалы.

Балалык па билмедим,
Кәсийетин көп екен.
Геўил сениң түйнегин,
Тис аўырса ем екен.

Пискен ўақта қызарып,
Еске салдың ғарбызды.
Жоқ жаныма ҳазарың,
Қол создырып алғыздың.

Геўил жайнап өсе бер,
Тақырлықта даламда.
Ким аўырса шыпа бер,
Пайдаң тийип адамға.

## „ҚАНАТЛЫ ПЫШЫҚ“

Түн жамылып,
Билдирмей ушып.
Қонды ағашқа
„Қанатлы пышық“.

Көзи дөңгелек,
Сарғышлаў қызыл.
Бүриўге қолай,
Тырнағы узын.

Көкшил қаралтым,
Пәри де жумсақ.
Тумсығы өткир,
Жырткышқа усап.

Тышқанның инин,
Отырар бағып.
Шаққан алады,
Олжасын қағып.

„Уу—ў—гуу—ў—гуў“
Шығар ҳаўазы.
Буны балалардың,
Билмес биразы.

„Қанатлы пышық“
Үки деп билиң.
Жайдым алдыңа,
Сүўретлеп түрин.

Үки пайдалы,
Көбейип өссе.
Ғамхор болагөр,
Көзиңе түссе.

## ТОҒАЙЫМ

Аң-қусларға мәкан жай,
Көринесең думандай,
Турман ҳәзир табалмай,
Қайда кеттиң тоғайым?

Көк жапырақ жамылған,
Тынық күни қалқыған,
Көзлеримниң алдынан,
Бир-бир уштың тоғайым.

Көрки един елаттың,
Көптиң көзин қараттың,
Кимлер сени қулатты,
Билмей турман тоғайым?

Сени қуртқан пәс адам,
Болмаған ол дос адам,
Отырғызсам тазадан,
Тутармысаң тоғайым.

Жүргенимде аралап,
Болар еди деним сап,
Ҳауамызды тазалап,
Турар един тоғайым.

Максетим зор алдымда,
Өсиремен бәркулла,
Байлық болып халқыма,
Қайтып келиң тоғайым!

## САҒЫНДЫМ

Шағалалар шаңқылдасқан,
Үйрек-газлар
ғаңқылдасқан,
Уя салып мәкан басқан,
Қусларымды сағындым.

Паналаған қуслар аңлар,
Өнип-өсип талай жыллар,
Көзиң жетпес айдын
шалқар,
Теңизимди сағындым.

Қуслар кетпес саған
қонбай,
Мол ғәзийне болдың
сондай,
Жегенимде дәми палдай,
Балығымды сағындым.

Даңқлы балықшыға ерип,
Суўдың маржанларын
терип,
Жүзип жүрген қулаш
керип,
Күнлеримди сағындым.

Қашықладың жер бетинен,
Қорықтым киши
келбетиңнен,
Самал ессе тербетилген,
Толқыныңды сағындым.

Бириксе күш, бириксе қол,
Кәддин тиклеп толады ол,
Исенемен үмитим мол,
Аралымды сағындым.

## БҮГИНГИ АРАЛДЫ КӨРГЕНДЕ

Суўы қалған тартылып,
Гезлеседи қопалар.
Қаякта қус шарық урып,
Теңиз бетин жағалар?

Қумлық қайда барсаңда,
Болдым ойға батқандай.
Теңиз бүгин инсаннан,
Өшин алып атқандай.

Қумлық қалай жаралдың?
Себепсиз зат болмайды.
Аҳыў зары Аралдың,
Жүрегимди тырнайды.

Айтайын мен жасырмай.
Айдынында кешеги,
Көзимизди аштырмай,
Дузлы самал еседи.

Суўың толып турғанда,
Майлы балық жегиздиң.
Орын берип қумларға,
Қайда кеттиң теңизим?

Алдың соңғы демиңди,
Аралым-аў сеземен.
Таба алмай емиңди,
Жағалықта геземен.

Ыңырандың жөтелип,
Кәстең аўыр не деген?
Усы ҳалға әкелип,
Сени қуртқан ким екен?

Кәсте болған саўалар,
Тилим бармас өлесең.
Халық сени даўалар,
Теңиз қайтып келесең.

Қудирет бар адамда,
Суўың гүўлеп тасады.
Қамыслықта, жағаңда,
Қуслар уя басады.

Заманымыз нур жарық,
Келип ўақыт гезеги.
Айдын суўды қақ жарып,
Пароходлар жүзеди.

Кеткен қуслар безигип,
Еле қайтып айналар.
Аспанында дизилип
Айдынында сайранлар.

## ТОЛАДЫ ТЕҢИЗ

Еле умытпадым,
Балалық гезим.
Еле өшпегендей,
Қумдағы изим.

Теңиз жағасына,
Саяхат жасап.
Етегим толғанша,
Тердим бақаншақ.

Қумлы жағалықта,
Еркин дем алып.
Бахытлы дәўирге,
Жүрдим қуўанып.

Көлбеди алдымда,
Шалқар теңизим.
Умтылып күш пенен,
Қулашлап жүздим.

Суў серпип жағада,
Ойнадым қалақ.
Суў моншақланып,
Түседи қулап.

Келер еди үйдей,
Ақ бас толқынлар.
Өзин екшеп-екшеп,
Жағаға урар.

Бәрҳа миннетдарман,
Аралым саған.
Үйреттиң жасымнан,
Жүзиуди маған.

Көкалай теңизим,
Тәғдирим мениң.
Қашықлаған сайын,
Бузылар кеўлим.

Сәнге бөлер еди,
Үйрек, ғаз, қууың.
Шомылса ем еди,
Қәстеге суўың.

Арал адамларға,
Өкпели шығар.
Ким бар дүрсиллеген,
Жүрегин уғар.

Бүгин шалқар теңиз,
Кетти алыслап.
Кеўилим қабарды,
Көзимди жаслап.

Бүгин көринбейди,
Жасыл жағалық.
Жағалықты басқан,
Қумлы далалық.

Көкалай көк теңиз,
Қайтып келеди.
Қумлықтың орнына,
Өмир енеди.

Теңизди толтырар,
Халық қуўаты.
Қумлы жағалықты,
Суўлар жуўады.

## САЗАН БАЛЫҚ

Ел байлығы—сары сазан,
Таңлайымда татыр мазаң.
Билгим келди жөн-жосағың
Көлимизде неге азсаң?

Жуўап берди сонда сазан:
—Сораўың дурыс, көлде
азбан.
Уўылдырық шашар гезде,
Аўлағанға келер ызам.

Ғамхор болса маған ҳәмме,
Көбейемен дәрья, көлде,
Шығараман көлдиң атын,
Мол байлықпан туўған
елге.

## ҚУРАЛАЙ

Шөл еркеси қуралай,
Қайда шаўып барасаң?
Туралмадым қарамай,
Турқың көркем қарасам.

Таң қалмайды саған ким?
Көзиң гәўҳар жайнаған.
Мәкан жайың саҳра қум,
Төбеңде жел ойнаған.

Өнип-өсип атырсаң,
Мақтанышы даланың.

Қуралайым жақынсаң
Жүрегине баланың.

Жастан саған таныспан,
Қабараман көрмесем.
Кетип қалма алысқа,
Суў берейин шөллесең.

Дала көлбеп жатады,
Тийген сениң пайыңа.
Тас баўыр бар атады,
Келип қалма қайымға!

## БУХАРА СУЎЫНЫ

Бухара суўыны,
Қорықта жасар.
Омыраўы бәлент,
Бедеўге усар.

Шақы көп болсада,
Басы талмайды.
Қалың тоғайлыққа,
Өзин урмайды.

Отлақлы мәканда
Жүрер жайылып.

Егер кәўип туўса
Қашар тайынып.

Қулағы ербеңлеп
Даўысты сезер.
Қорқып үриксе
Ол жерден безер.

Тәбият байлығы
Көбейип өссе.
Ғамхорлық етегөр
Көзиңе түссе.

## ҒАЗЛАРЫМ

Шақырғанда келеди,
Жақсы мениң ғазларым.
Суўды тәўир көреди,
Ҳәўиз қазып сазладым.

Туралмадым қарамай,
Суўда шаршап талмайды.
Суўдан шықса баладай
Изимнен ҳеш қалмайды.

Жолды кесип өткенде,
Асықпайды, саспайды.
Шофер дөдетлеткенде,
Машинадан қашпайды.

Тарталмай ма денесин,
Жолдан шетке шықпайды.

Жолда жүриў қәдесин,
Үйретсем де уқпайды.

Сууда жүзип ойнайды,
Айрылмайды тобынан.
Күнде салмақ байлайды,
Жем жеген соң қолымнан.

## ҚОЯНЫМ

Дем алыстың ўағында,
Ерси қуры отырған.
Ғамхор болып бәрқулла,
Қоян бағып атырман.

Сәтли болды талабым,
От-суў берип бағылар.
Кетип қалмас ылағып,
Кетегинен табылар.

Тесип шықпас қорамды,
Арман-берман шабысқан.

Көрсе болды қарамды,
Таныр мени алыстан.

Қоянларым көбейди,
Сулыў туўған гөжеги.
Кем-кем өсип үлкейди,
Ким келседе сезеди.

Бойын жазып секирди,
Көрсең көзиң қызар ма?
Геширди жеп семирди,
Шығараман базарға.

## САРЫГҮЛ

Атызда өсти сарыгүл,
Ямаса қой ма, қошқар ма?
Жоқ еди ғой бурын бул,
Айтып шықтым досларға.

Қуўанаман! Япырмай!
Атыз мени сыйлады.
Гүли сары алтындай,
Үзиўге көз қыймады.

Жайнады гүл соншама,
Тап кишкене қуяштай.

Қарасамда қаншама,
Турды көзим қамаспай.

Күнлер өтип арадан,
Гүллер писе баслады.
Туқым енип жаңадан,
Пөпек ұша баслады.

Пөпеклерге қарадым,
Парашюттай ушып жүр.
Узақсынбай араны,
Өз туқымын шашып жүр.

## МИЙЎЕ НӘЛИН ТИГЕМЕН

Бәҳәр келсе қарыққа,
Мийўе нәлин тигемен.
Өсип писсе халыққа,
Жемисинен беремен.

Нәлим өссе бәҳәрде,
Кеўлим мениң хош болар.
Бүлбил сайрап сәҳәрде,
Шақасына кус қонар.

Пал ҳәрреси биледи,
Бағларым гүл ашқанда.
Тумлы-тустан келеди,
Жупар ийис шашқанда.

Нәлди тиксең билесең,
Шақа жайып қалыңлар.
Өсириўди қәлесең,
Нәл беремен алыңлар!

## АСҚАБАҚ

Жақсы иске талпынған,
Тереқ урдым кетпенин.
Шықты бүгин алдымнан,
Зор тәрбия еткеним.

Өрмеледи қол жайып,
Гүл шығарды алтындай,
Түйнек салды әжайып,
Болды буған кеўлим жай.

Нәзер салып қарасам,
Дигирмандай қарамың.
Мүтәжына жарайсаң,
Асқабағым адамның.

Жердиң берген сыйы бул,
Толды үйдиң қазаны.
Жегим келсе кеспе мол
Тил үйирер мазалы!

## ҒАРБЫЗ

Қалың пәлек аралап,
Қарық бойлап гездим мен.
Пискен ғой деп шамалап,
Бир ғарбызды үздим мен.

Жегим келди тез жарып,
Қам екенин билмедим.
Ғарбызым-аў қызарып,
Пискен белги бермедиң.

Өкинемен не пайда,
Иште тартып демимди.
Жулмас едим қалайда,
Билгенимде көгиңди.

Асығыппан түсинбей,
Сақланар бул ядымда,
Үзип алған писирмей,
Айыплыман алдында.

## ТҮРИП

Жылда ала бәҳәрден,
Атызға түрип егемен.
Тегис қаплап көгерген,
Онық тилин билемен.

Билер ҳаўа райын,
Қуяш нурын сүйеди.
Аяғында бул айдың,
Еринимe тийеди.

Билдим даўа екенин,
Туўрап салдым асыма.

Тумаў, жөтел дегениң,
Жоламайды қасыма.

Болмаса ол өзгеде,
Ексе қолы жетеди.
Ем екен бул көзгеде,
Жақсы тәсир етеди.

Айтажағым басқаға,
Қолыңыздан келеди.
Сатып алма ақшаға,
Атызыңнан өнеди.

## ҚЫЯР

Қуўанаман көргенде,
Ерте пайда боласаң.
Дәмиң татлы жегенде,
Түриң көктей қарасам.

Көк болсанда қыярым,
Саған ҳәўес артады.

Болған емес зыяның,
Жеп қумарым тарқады.

Көзим көрди ҳәрдайым,
Қыяр зая болмайды.
Писе ғойсаң сарғайып,
Бирақ иштей алмайды.

## ШАЛҒАМ

Мениң атам,
Жейди шалғам.
Сонлықтан ол,
Күшли палўан.

Шалғамды ол,
Егип алар.
Шалғамына,
Қанар толар.

Айтты атам,
Былай маған:
Қәсийетли,
Дақыл шалғам.

Курамында,
Витамин бар.
Ендиреди,
Жүзге ажар.

Шалғам жесең,
Күшиң тасар.
Ким жеседе,
Узақ жасар.

## КАПУСТА

Бир қыйтактай жериме,
Капуста ектим карықлап.
Кыйды бердим бәрине,
Қалмасын деп арықлап.

Нурлап жайды жапырақ,
Көрсең алақанымдай.
Түйнек салды демде-ақ,
Ойнайтуғын тобымдай.

Қуяш нурын сүйесең,
Қарап турман түски ўақ.
Қабатлап тон кийесең,
Кетпейсең бе ыссылап?

Усалым дийқан балаға,
Капустаны өсирип.
Енди ата-анама,
Беремен „борщ" писирип.

## ЖҮЗИМ

Есигимниң алдында,
Жүзим атыз бир бөлек.
Малынып тур солқымға,
Шақалаған өрмелеп.

Болар быйыл шамасы,
Мийўеси мол ширели.
Көтермес деп шақасы,
Атам бақан тиреди.

Қол узаттым асылып,
Бойым еле келтелеў.
Жүрмен қуры асығып,
Алып жеуге ертелеў.

Жүзим санап күн, айды,
Ўақты болса писеди.
Бойым бүйтип турмайды,
Соған шекем өседи.

## ПОМИДОР

Атызымда иследим,
Өсти шөптен тазарып.
Мәлим етти пискенин,
Помидорым қызарып.

Помидордың бәри нық,
Тәрезини басқандай.
Бойыңа күш дарытып,
Иштейиңди ашқандай.

Жерим сууға қанды ма,
Ҳәр биреуи мушымдай.
Конақ келсе алдына,
Қояр едим қысынбай.

## АЙҒАБАҒАР

Еккен айғабағарым,
Болды айта жүргендей.
Тәрбиялап карадым,
Молдан өним бергендей.

Гүллегенде алыстан,
Мындаман деп турғандай.

Дөңгеленип толысқан,
Күнге жүзин бурғандай.

Басын ийди айғабағар.
Жерге тәжим бергендей.
—Өстим, пистим жыйнап ал,
Рахмет сизге! —дегендей.

## АНАР

Жайқалып өседи,
Бағымда анар.
Жемиси пискенде,
Гүл киби жанар.

Нәлшесинен тигип,
Өсирген атам.
Шақасынан үзип,
Әперди маған.

Анардың ишкенде,
Ширели суўын.
Бойыма күш енип,
Жақсарды буўын.

Шыпалы витамин,
Онда көп екен.
Аўырған адамға,
Анар ем екен.

Жаныма шыпа,
Анардан таптым.
Денем жеп-жеңил,
Кулындай шаптым.

Атама ырзаман,
Өсирген анар.
Ширесин жутқанда,
Жаным ҳәз табар.

## МЕН ДЕЛЬФИНГЕ ҚАЛАЙ МИНДИМ?

Бир өмирге умытпайман есимде,
Көрген қызық енер базда түсиме,
Ағам менен Қырымда мен дем алдым,
Жаздың айы дем алыстың ишинде.

Таўлар бийик аспан менен таласып,
Теңиз жағасына турар жарасып,

Шомылған соң кептиринип қуяшқа,
Пайызлы жер Қара теңиз жағасы.

Жағалыққа алып келер айдын жол,
Қара теңиз көлбеп жатыр созып қол,
Самал болса толқын жууар жағаны,
Көк аспанның рениндей суўы мол.

Бос жери жоқ толы бәри егиске,
Жүзим менен алма бағы келискен,
Қарадағты тамашалап кешқурын,
Катер минип сайранладық теңизге.

Өткен гезде Қарадағтың тусынан,
Шағалалар ушып өтер қасыннан,
Аңғарасаң аш екенин олардын,
Анталасып ғыйқуўласқан даўысынан.

Теңиздиң самалы өтеди желпип,
Суўдың ортасында дәрўаза көрдик,
Көзиң менен көрген бәринен аўзал.
Айдынды сайранлап жағаға келдик.

Жоқарыға қарағанда төменнен,
Ай-Петри дөнип турар төбеннен,
Айнала дөгерек зият көринди,
Үйимдеги нағышланған гилемнен.

Зымырап киятыр автобус алға,
Тек иркилип өтер светофорға,
Бурыннан белгили тарыйхый қала,
Саяхат жасадық Севастопольға.

Басшымыз бар саяхатты баслайды,
Қызық гәплер айтып кеўил хошлайды,
Бир қолтыққа келдик дельфин ойнап жүр,
Үйренген бе, адамлардан қашпайды.

Дельфинлерге тамашалап карадык,
Узақ емес жақын еди аралық,
Жағадағы ийесинен дельфиннин,
Аукатына не жейди деп сорадык.

Дельфинниң ийеси жүдә хош ўакты,
Халат кийип шыпакерге усапты,
Дельфинлерин шақырып өз тилинде,
Екеуине еки балық асатты.

Дельфин суў бетинде ойнады шапшып,
Бул өнери маған көринди таңсық.
Ийеси топ атты оларға қарап,
Берген топты дельфин ойнады қақшып.

Не болғанын айттым бәрин жасырмай,
Шады-коррам болдым күлки басылмай,
Саяхатқа келген сонша адамға,
Тамаша көрсетти дельфин усындай.

Балыққа усаттым келбетин—түрин,
Сууда жүзгенликтен көрмейсең кирин,
Дельфин тилин тек ийеси биледи,
Қасына шақырды олардың бирин.

Дельфинниң ийеси көпке қарады,
Дельфинге ким минеди?—деп сорады,
—Беккем асылып ал, сирә жықпайды,
Жарқылдық бул суў астының пырағы.

Бул сөз биреулерге бәлким жақпады,
Дельфин болды ҳәмменин де баққаны,
Жыйналғанның арасынан бир адам,
Дельфинге мен минемен деп шықпады.

Дельфинди мен көрдим бурын кинодан,
Минсем деген пайда болды ой маған,

Бул ойымды айтқанымда ағама,
Карсы пикир көрсетпеди ол маған.

Ҳәмме маған қол шаппатлар: батыр, деп,
Кеңес берди „беккем асыл, отыр“,— деп,
Қуласамда жүзип шыға аламан,
Жағалықта қайық пенен катер көп.

Сонша күшли болғаны ғой еркимниң,
Бул қолынан келе бермес ҳәркимниң,
Аўылдағы арғымаққа мингендей,
Арқасына қарғып миндим дельфиннин.

Болдым сонда тулпар атқа мингендей,
Көкирегиме зор қуўаныш енгендей,
Дельфин туўламады, мени демеди,
Қолы тайып қуламасын дегендей.

Жағада журт маған қарар ынтығып,
Базбиреўлер қол шаппатлар шырпынып,
Моторлы қайықтай суўды айырып,
Дельфин жүзди алға қарай умтылып.

Аламанлар келип атыр жыйналып,
Бул исиме қалмадым мен қыйналып,
Дельфин мени қолтық бойлап қыдыртып
Бурынғы орнына келди айналып.

Жақсы өтти мениң дем алыс ўақтым,
Туўысқандай болған досларды таптым,
Саяхатлар жасап, дельфинге минип,
Қырым қушағында қызыққа баттым.

10466
MA'LIMLE...
RESURS
ORAYI
2—291
222377
Республиканск. детская библиотека

## УЛЫМА АЙТАЖАҒЫМ

Улым саған көп айтажақ кеңесим,
Сора, үйрен болса егер билмесиң,
Кәсип меңгер, сен ҳаққында адамлар,
Белгили бир өнери жоқ демесин.

Жаңаланды дәўир бүгин басқаша,
Жеңил ис жоқ, нан табасаң тас қашап,
Бул дүньяға келгениңнен не пайда,
Жәмийетке үлесиңди қоспасаң?

Басланғалы ғәрезсизлик дәўири,
Адамлардың шықты иштен ҳәўири,
Бурын пикирлерин еркин айталмай,
Биразлардың езилди ғой баўыры.

Менменликтиң бүгин жолы тарылды,
Шығар журтқа кәлбиңдеги барыңды,
Шыдамлы бол, сом полаттай тапланып,
Жастан саклап намыс пенен арыңды.

Жарғыдай бол жаңа шыққан егелип,
Сөз келгенде сөйле қалма бөгелип,
Ой жиберип ақ, қараны уғып ал,
Сабақ болсын өтмиштеги қәтелик.

Кәдем тасла алға карай көп пенен,
Карны тоймас маңлайдан тер төкпеген,
Көзиңди аш, жеңиңди түр, белди буў,
Заман калды күнди көрер еп пенен.

Өмир бул билгенге ең узақ сапар,
Жолында ой-шуқыр гезлесип қалар,
Жар жолда болдырып қалмастай болып,
Ҳәзирден өзиңди таярлап апар.

Кий үстиңе әпиўайы кийимди,
Кол қабысың тийсин дүзде, үйиңде,
Азамат бол жүрегинде оты бар,
Жүре берме кысып алып ийинди.

Ўақтың болып шаршамастай күш толса,
Айтты дерсең таў жығасаң жулқынсаң,
Көкирек кер, колыңды соз, қушақ аш,
Халық ушын атқарылар ис болса.

Кәдирин бил, балалықтың, жаслықтын,
Кәдирин бил, туўысқанлық, дослықтын,
Ишип-жеп масайрап жата бергендей,
Өмир бул-сарайы емес мәсликтиң.

Егер көрсең биреўлердиң озғанын,
Аяғынан шалып жүрме қызғанып,
Нийет еткен мақсетиңе жетесең,
Талапланып таза болса ҳүжданың.

Көпшиликте гәп айтпасаң төрели,
Бек бол онда аўзыңа бир ели,
Түрпи киби тийсе сөзиң, минезиң
Халық сени жиниңдей жек көреди.

Үстем болма биреўлерди бос билип,
Қапа болса кеўлин көтер хош қылып,

Болсаң егер кишипейил-әдепли,
Ҳәмме сени дөгереклер дос билип.

Өсек сөзден, ғыйбатлықтан атлы қаш,
Жақсыға ер, кеўил ашып, баўыр бас,
Бийик тутып ҳақыйқатлық байрағын,
Ер жигит бол жаманлыққа жаны қас.

Адам болып туўылған соң ес енип,
Келешекке болсын сенде исеним,
Бөгет болып кеселеген жолдағы,
Тасталқан ет ғәрремликтиң кисенин.

Билесең бе туўған елиң нурхана,
Тайын бол сен ел исине бәрҳама,
Перзентлик парызың ҳәм де қарызың,
Батыр болып дәўир жүгин арқала.

Егер улым босқа өтсе ўақытың,
Қайтып келмес қолдан кеткен бахытың,
Биле-билсең заман келди әжайып,
Шап тулпарды шылбыр жибин ағытып.

Аўыр истен алып қашпа басыңды,
Халық сүймес ис қосжақпас масылды,
Ондайларға арамызда орын жоқ,
Ҳәмме уақыт ҳадаллап иш асыңды.

Ҳеш ўақытта гәниң еки шықпасын,
Нәкаслардан жаман әдет жуқпасын,
Биреў менен болма ийтли-пышықлы,
Гийнелерди жипке дизип шукласып.

Өзиңе дос адам болса шадландыр,
Зәңги басып мәнзилине атландыр,
Жақсылығын сирә жерде қалмайды,
Меҳир болып қәлбине кир, йошландыр.

Сөзлегенде журт аўзына қарасын,
Жақсы сөзиң жазар кеўил жарасын.
Өтириктиң қулы болма тайғанап,
Бас кесседе сөйле гәптиң расын.

Ҳешқашан мийнетсиз дүньяға қызба,
Нәпси қулы болып қолыңды созба,
Бир күни ол аяқ-қолды күйдирер,
Усап күл астында жатырған қозға.

Еткен иске, ишкениңе мақтанба,
Кесек болма сақпан менен атқанға,
Көзиңди аш, абайлы бол жолдағы,
Түсип қалма биреў қурған қақпанға.

Айтқан гәптиң түсин балам парқына,
Насақ сөзди ертип жүрме артыңа,
Адам болыў аңсат емес өмирде
Талай-талай асырым бар алдыңда!

## БИР ЖАСЫ ҮЛКЕННИҢ ДЕБДИЎИ

Мен баламның болмасын деп кемиси,
Түр-түринен үйип қойдым жемисти,
Шоколадтың қымбатына қарамай,
Не тилесе бәрин таўып жегиздим.

Аяқ-қолын жыллы суўға батырдым,
Соған бердим жумсақ жерин пәтирдиң,
Шөллегенде ишетуғын суўында,
Бул жер емес Ташкент беттен алдырдым.

Не сораса сатып алып ақшаға,
Сол гезлери аталғанман жақсы аға,
Пиядалап жүрсе шаршап қалар деп,
Машиналы апарғанман бақшаға.

Колларына шар әперип үрледик,
Жолларында зыр жуўырып терледик,
Кәлегенин, айтқанларын болдырып,
Әлпешледик алақанда тербетип.

—Өр көкирек менсинбейди басканы,
Классында көрдим китап шашқанын,
Балаң ерке, тынламайды тәртипсиз—
Деп муғаллим талай келип қақсады.

Дедим муғаллимге: —барың барымға,
Классында қалса оқыр жарында,
Дым үндеме өзи адам болады,
Мен баламның сөйтип шаптым арына.

Артка таслап талай-талай күнлерди,
Ўақыт-тулпар шаба берди илгери,
Мектебинде шерек сайын баламыз,
Сабағынан зорға „үшке“ үлгерди,

Мен бир күни дәкки жедим баламнан,
Тутып алып жибермеди жағамнан,
—Алжастың ба, коя ғой —деп жалындым,
Бөтен емес үйиңдеги ағаңман.

Не кыламан, шылап бактым бәрине,
Айтқан сөзим келер емес кәрине,
Өтип кетсе керек өткир тырнағы,
Йод жактым жараланған териме.

Балам маған ашшы тилин шығарды,
Соннан баслап кеўил суўып кабарды,
Еситпеген едим бурын бундай сөз,
Бир ақшамда шаш дегеним ағарды.

Буның бәри өзимдеги қәтелик.
Бүгин күйип турғой ишим өртенип,

Жас ўағында шалжаңлатып баланы,
Усындайға алып келди еркелик.

Бала ушын пида болып жүрдим мен,
Есейген соң қылўаларын көрдим мен,
Баска ата-аналарға айтарым,
Еркеликтен ер шықпасын билдим мен.

## АНАНЫҢ АҲЫЎ—ЗАРЫ

Ана байғус жетип келди изимнен,
Көзинен жас өңирине агыпты.
Қапалығын сезип турман жүзинен,
Ишиндеги бүккен сырын ағытты:

—Мен балама тәртип бермей әзелде,
Есейген соң айтқанымды укпайды,
Бүгинлиги болып кетти гезенде,
Ҳәптесине үйге басын суқпайды.

Жақсы бол, деп айттым талай мәртебе,
Әке ақылына кулақ аспады.
Бала дәрти жүрегимди өртеди,
Күйик болып көзимизди жаслады.

Мен қорқаман жүрисинен теңселип.
Кийим кийсе усап кетер делбеге.
Таныў қыйын қашып кетер әпшери,
Шашы өсип түсип кетти желкеге.

Айтар едим муғаллими жоқ ҳәзир,
Қыйын болды каникулдиң ғезинде.
Не қылыўды билмей турман тап ҳәзир,
Сарсаң кесек болып турман изинде.

Дедим оған:— мениң саған айтарым,
Тәрбияның машақаты көп болар.

Алыў керек қыйсық жолдан қайтарып,
Сөйтпесе ол бир бәлеге тап болар.

Жақсы емес гезип жүрген түнлерде,
Усындайдан балаң кетер бузылып.
Сезип турман бас қосқанын кимлерге,
Бийдәўлеттиң талабына қызығып.

Ондайларға халық салар қурықты,
Узақ бармас көше бийзар топары.
Атқан адым алақанда турыпты,
Билип турман балаңның ким боларын...

Мықлы көп ғой сол баладан қорқама,
Жүрген жерлеринен алды шақырып.
Қоңсы-қоба ҳәмме алып ортаға,
Дурыс жолға силтеп берди ақылын.

Айтқан гәпке салды бала қулағын,
Қызығады қолдан китап түспейди,
Бурынғыдай кетпес енди ылағып,
Анасы не айтса бәрин ислейди.

Көрип жүрмен дурыс ақыл шешеди,
Дүзелип оңалар адам баласы
Ебетейсиз, қыйсық болып өседи,
Дарақтың да путамасаң шақасын.

## БАЛАЛАР УРЫССА...

Балам таяқ жепти қоңсы баладан,
Үйге келди көзлерине жас толып.
Еки саат ўақыт өтпей арадан,
Олар тағы ойнап кетти дос болып.

Өкпе-гийне сақламайды балалар,
Жақсы екен урысқанын умытқан.

Жәнжеллессе жасы үлкен ағалар,
Түнереди бетер болып булттан.

## ҮЙРЕНИПТИ ӘКЕДЕН

Жаңа ғана шыпакерден ем алып,
Отыр едим кәт үстинде дем алып,
Ески таныс келди. Буркып сөйледи,
Уят сөзге аўзы кеткен кеп алып.

Айтқанлары қулағыма жақпады,
Буркып отыр болмас оны тоқтатып,
Мийзамға түсинбей, пәми алыспай,
Талай гәптиң басын шалып отлады.

Ийбе сақлаў жоқ сыяқлы түринде,
Шыдамадым маған ерси көринди,
—Нәмнаған адамсаң, неге айтасаң.
Уят сөзди еки гәптиң биринде?

Ески таныс ашыўланып түргелди,
Қайтып келмес, көрмес бәлким иргемди,
Айтқан ақыл биреўлерге жақпайды,
Қабыл етпес дослық кеңес бергенди.

Сол таныстың баласында билемен,
Гәпи постын таслағандай түйеден,
Ақ ийт кирип, қара ийт шығар аўзынан,
Баласы да үйренипти әкеден.

## БИРЕЎ КЕЛИП...

Биреў келип жаманлады баламды,
—Урып қашты, —деди, жаңа баламды.
Мен баламды шақырдым да бақырдым:
—Енди урсаң, көрсетпе деп қараңды.

Тағы да ол айыплады баламды:
—Айырмайды, —деди, ҳадал ҳарамды,
Дурыс шығар, болыспадым балама,
—Мен оқыйман, —дедим, оған моральды,

Биреў келип жаманласа баламды,
Қой демедим айтқан усы жаланды.
Бала емес, айтқаны ғой ол мени.
Тырнағандай сезиледи жарамды.

Соннан бери бақлап жүрмен баламды,
Үйренипти жақсы минез-моральды,
Журт талқысы, сөзи ата ананың
Демде тезге салар екен адамды.

## МУҒАЛЛИМ ҲӘМ АТА-АНА

Мектебинен бала келди өкирип,
Сабағынан алған тағы „екилик"
Сол ўақытта ашыў менен атасы,
Муғаллимге жетип барды дәпинип.

—Муғаллим-аў, түриң тәуир қарасам,
Баламызға неге „еки" қоясаң?
Оқыўшыны оқытпасаң дурыслап,
Қолды қойып неге айлық аласаң?

—Сизиңде түриңиз тәуир қарасам,
Айтқан гәпке ҳәм де ўәжге турасаң?
Балаң орынламай келе береди,
Үйге берген тапсырманы сорасам.

Жыйналысқа шақырсақта келмедиң,
Балаңыздың „күнделигин" көрмедиң,
Сорадың ба неге „еки" алғанын,
Еситтиң бе балаңның не дегенин?

—Жумысымнан күнде шаршап келемен,
Қәйтип оның „күнделигин“ көремен?
Жоқ дейсең бе мениң басқа жумысым,
Оқы деп изинде қалай жүремен?

—Келдиң маған балаң „еки“ алғанға,
Ким айыплы сабағынан қалғанға?
Ашық сөйлесейик усы баланы,
Не қылар ең муғаллими болғанда?

Бир талайға барған екен жасыңыз,
Бала ушын айналмаса басыңыз?
Оқыўшы сабағын билмей қыйналса,
Қалай бойыңызға тарар асыңыз?

Балаң билсе абырайым мениңде,
Тек мен емес абырайың сениңде.
Оқыўшының көп болады ўақыты,
Тапсырманы таярласын үйинде.

Бала ушын ата-ана жуўапкер,
Коңсыларға, басқаларға қарап көр,
Саған жумыс яки бала керек пе,
Усы сораўыма ата жуўап бер?

Ата енди пәтке минип таспады,
Муғаллимге қайтып айып баспады,
Сораўларға табалмады дәл жуўап,
Үндемеди жумған аўзын ашпады.

## СӨЗ ҚУЎАТЫ

Биреў маған десе болды:—қарағым,
Жақсы көрип туўысқандай сеземен
Жақынлатып узақ болған араны,
Керек десе баўырымды үземен.

Жумса мени бәрҳә усы сөз бенен,
Жигерленип шаршағанды билмеймен.
Кумар етип куяш нурын излеген,
Бәҳәрдеги ғаўыз ашқан гүлдеймен.

## БИР МУҒАЛЛИМНИҢ ДЕБДИЎИ

Муғаллиммен мектептеги боздағы,
Ҳәмме кетип адамлардың аз ўағы,
Бир жас үлкен келди мениң алдыма,
Имтиханның ўақты еди жаздағы.

Айтқан гәпи: түсип турман арağа,
Имтиханда „бес“ койып бер бала ма?
Сизден документти алса болғаны,
Шама келер оқытаман қалада.

Жасы үлкен кетпей турды еңсемнен,
Ашыўланды балаң төмен десем мен.
—„Бес“ баҳанды қойып бер—деп жалынды
Ақша емес шығатуғын кисеңнен.

Капталымнан кетер емес жасы үлкен,
Не қыламан менде шыдам таўсылды.
—Кириўи кыйын ғой баланның десем,
—Ол жағына аўыртпа—дер басыңды.

Жасы үлкен қағып қойды арқамнан,
—Хызметиңе зыр жуўырып жортаман,
Колымда ғой баласына „бес“ қойдым,
„Ақша емес шығатуғын қалтамнан“.

Усындайлар табылады арадан,
Терең билим табылмайды баладан,
Тап сол бала аталыпты студент,
Калай киргенине ҳайран қаламан?

## БАЗЫБИР АТА-АНАЛАР БАР

Көшемизде бир бала бар биймаза,
Ата—ана қой демейли ҳешқандай.
Тақыр жерден шаң шығарар ойнаса,
Ҳәмме бала оннан шетлеп қашқандай.

Ертеңине есигиниң алдында,
Көрип калдым ата менен анасын.
Перзентиниң көзи—жүзи алдында
Айтып бердим жақпайтуғын қылўасын:

—Менде бар деп тастай мықлы жудырық,
Ойнамаға балаң күнде келеди.
Балалардың ойыншығын сындырып,
Уят гәпти айтып тағы сөгеди.

Ата—ана айтса бала тыңлайды,
Хат пенен қәлемдей болып сөзиңиз.
Бизиң айтқан сизикиндей болмайды,
Тәртипке шақырып қойың өзиңиз.

Айтқан гәпи сонда ата—ананың:
—Енди қайтып айтпа маған ондайды,
Айтса айтсын жас ўағында баланың,
Көкирегин қайтарыўға болмайды.

Бир күнлери урлық етип баласы,
Ашпаған қапысын ашып атлады.
Сол баланың ата-менен анасы,
Тергеўшиниң кеңсесине қатнады.

## МУҒАЛЛИМНИҢ ҚУЎАНЫШЫ

Оқыўшының атасы ҳәм анасы,
Қуўанғаннан муғаллимге гүл берди.
Мектептеги оқып жүрген баласы,
Билмейтуғын сабағынан үлгерди.

Муғаллим шадланды жүреги тасып,
Соншама мийнети кетпеди босқа.
Отыр ол журналдың бетлерин ашып,
Үлгермеўши оқыўшы жоқ класста.

Муғаллимде абырайға шериклес,
Оқыўшының жаман аты шықпаса.
Тәртипли ҳәм сабағынан алып бес,
Мийнетиңди, исенимди ақласа.

## ҚЫМБАТ КИЙИМ

Кийим кийдим ала—бажақ,
Баз биреўлер етер мазақ,
„Адидас" ты кийемен деп
Көрип атыр жаным азап.

Дәслеп тиймей қолдан қолға,
Мода болды қыз ҳәм улға,
Бүгинлиги өкинемен
Алғаныма сонша пулға.

Тап болды бул маған қайдан,
Аз болып тур тапқан пайдам,
Қыста кийсем тартар суўық
Жазда кийсем ыссылайман.

Баҳасы да сондай қымбат,
Ким кийседе бермес сымбат,
Мектеп ушын форма емес,
Бизиң миллий дәстүрге жат,

Басқаларға кеңесим сол,
Бул кийимге узатпа қол.
Дуканларда оқыўшыға
Әпиўайы кийимлер мол,

## ЕНДИ САҚҚЫЗ ШАЙНАМАЙМАН

Мен айтайын гәптиң ҳағын
Кетти талай қымбат ўағым,
Тисим ҳәм де талды жағым
Енди саққыз шайнамайман.

Жутқыншағың турар тилеп
Шайнағанға нан екен деп,
Пайдасынан зыяны көп
Енди саққыз шайнамайман

Ҳәр данасы қымбат сондай
Шайнай берсең кебер таңлай,

Журер екен аўзың тынбай,
Мен саққызды шайнамай-
ман.

Кемсеңледи жағым—тисим
Шайнай-шайнай кетти есим
Асқазанның қуртып писин,
Енди саққыз шайнамайман.

## ТАЗА САҚЛА ТИСИҢДИ

Семечкиге болып үрдис.
Көп кешикпей желинди тис,
Тис аўырыў пайда болып
Жанды қыйнар суққандай
биз.

Тиске қатты зыян берер,
Шақсаң ўақыт алып кетер,
Жүрген жерде, отырғанда,
Патаслығы оннан бетер.

„Денсаўлығың—тереӊ
байлық"
Ата—баба кеткен айтып,
Тиске зәлел семечкини,
Мен шақпайман енди
қайтып.

## АТА-АНА АЛДЫНДА

Шын қәлбимнен сүйемен,
Сөзин ойға түйемен,
Диз бүгип бас ийемен,
Ата-ана алдында.

Жуўыраман, шабаман,
Қустың сүтин табаман,
Нуры болып жанаман,
Ата-ана алдында.

Үндемеймен бақырса,
Ләббай!—деймен шақырса,
Шаршамайман талпынсам,
Ата-ана алдында.

Пана болып ерине,
Қуўат болып белине,
Мен көнемен бәрине,
Ата-ана алдында.

Шын жүректен айтарым,
Сөйлемеймен бийпарық:
Гәп айтпайман қайтарып,
Ата-ана алдында.

Не буйырса бәри саз,
Етким келер кеўлин жаз,
Қанша хызмет етсем аз,
Ата-ана алдында.

## АРАМЫЗДА БАЛА БАР

Тили ҳәрре шаққандай,
Арамызда бала бар.
Сөзлери биз суққандай,
Жүрегиңди жаралар.

Көргенсиз ҳәм әдепсиз,
Арамызда бала бар.
Кийими де сәдепсиз,
Делбе болып урнығар.

Жипек минез, шийрин сөз
Арамызда бала бар,
Жүрекке жол тауып тез,
Кәсте болсаң дауалар.

Жақсы иси жәрия,
Арамызда бала бар.
Берген тәлим-тәрбия,
Ата менен ана бар.

## СОРАЎЛАРҒА ЖУЎАПЛАР

—Тил не ушын берилген,
Қыз ямаса балаға?
—Тәңир сәлем бермеге,
Ата менен анаға.

Кеўлин басып қапалық,
Батса биреў уймаға.
Оған жақсы сөз айтып,
Қәлбине нур қуймаға.

—Қол не ушын берилген?
—Жерге туқым сеппеге.
Ерте бәҳәр болыўдан,
Бағ нәлшесин тикпеге.

Түрли өнер үйренип,
Елден алғыс алмаға.
Жығылғанды тикейтип,
Қайырлы ис қылмаға.

—Қулақ неге берилген?
Жақсы гәпти уқпаға.
Ата менен ананың,
Нәсиятын тутпаға.

Даналық сөз шийрин сөз,
Илип алса қулағың.
Алға қойған өмирде,
Орынланар талабың.

—Ҳүждан неге берилген?
—Мудам ҳадал ислеўге.
Қулы болып нәпсиниң,
Қыйсық жолға түспеўге.

Таза болсаң-батырсаң,
Қорықпайсаң ҳешкимнен.
Ерисесең жеңиске,
Ғәрремликтиң үстинен.

## ЎАҚЫТ

Маған қымбат минут, саат, ҳәр күним,
Қайтып келмес өтип кетсе арадан.
Өкинемен босқа өтсе бир күним,
Мен өзиме есап берип бараман.

Ўақыт күшли бағынбаған ҳешкимге,
Ўақыт жүйрик кеткенинде көрмеймен.
Не питкердим бир тәўликтиң ишинде,
Мен өзимди аўлақ қалып тергеймен.

Ўақыт сирә таптырмайды излесем,
Сатылмайды дүканда я базарда.
Машинаның тезлигинен жүз есе,
Зымырайды асфальтланған гүзарда.

Ўақыт—өмир сездим нандай қәдирин,
Байлығым ол-түсинемен парқына.
Маған қымбат, минут, саат, ҳәр күним,
Алмастырып болмас оны алтынға.

Жүгинемен мудам ўақыт алдында,
Берерим көп, қарыздарман халқымнан.
Билетлерин жайып таслап алдыма,
Ўақыт меннен алып барар имтихан.

## ҲУЖДАН

Ҳуждан адаспайды ҳеш ўақ жолынан,
Тас түнекте жетелейди қолыңнан,
Бәлемәтер, қәўип пенен қәтерден,
Анаң киби шаң жуўытпай қорыған.

Ҳуждан—деген жүректеги нур жалын,
Көрдим жақсылыққа ийек созғанын,

Биреўлер бар буны жаны сезседе,
Бағынбайды бийлигине ҳүжданның.

Ҳүждан перзент пенен бирге туўылар,
Шыныксын деп дузлы суўға жуўылар,
Олда пәк сүтине қанып ананың
Туўры жолға баслап алға жуўырар.

Ким болса да ҳүжданынан айрылған,
Қустай болар қанатынан қайрылған,
Балта урып гүлдей келешегине,
Нәпси қулы болып жастан майырылған.

Ҳүжданын сатқанның ақылы келте,
Кем-кемнен қурыйды димары белде,
Нурлы жүзи запырандай сарғайып,
Ўақты жетпей турып қартаяр ерте.

Усындайлар табылады арадан,
Оқыў жасындағы қыз ҳәм баладан.
Олар жәнe өзи менен кетпейди,
Сары шөптей тум-тусына тараған.

Усылар жанымды барар кемирип,
Көргенде жылағым келер өкирип.
Ҳүждан ҳәмирине бойсынбағанлар,
Көзлери мөлтилдеп турар телмирип.

Ул-қызларым, ескертемен ертеден,
Ҳүжданыңды қыйнап жанды өртемең,
Өмир бойы ҳүждан менен ис қылсаң,
Жүзиң жарқын болып, артар мәртебең!

## МАЗМУНЫ:

### ТӘБИЯТ—ӨЗ ҮЙИМИЗ

Ақ терек . . . . . 3
Қызыл китап. (қырғаўылдың шағымы) . . . . . 3
Қур. . . . . 4
Геўил. . . . . 4
„Қанатлы" пышық . . . . . 5
Тоғайым . . . . . 5
Сағындым. . . . . 6
Бүгинги Аралды көргенде . . . . . 6
Толады теңиз . . . . . 7
Сазан балық. . . . . 8
Ќуралай. . . . . 9
Бухара суўыны . . . . . 9
Ғазларым . . . . . 9
Қояным. . . . . 10
Сарыгүл . . . . . 10
Мийўе нәлин тигемен . . . . . 11
Асқабақ. . . . . 11
Ғарбыз . . . . . 11
Түрип. . . . . 12
Қыяр . . . . . 12
Шалғам. . . . . 12
Капуста. . . . . 13
Жүзим . . . . . 13
Помидор. . . . . 13
Айғабағар. . . . . 14
Анар . . . . . 14
Мен дельфинге қалай миндим . . . . . 14

### АТА-АНАЛАР МЕНЕН СЫРЛАСҚАНДА

Улыма айтажағым. . . . . 18
Бир жасы үлкенниң дебдиўи. . . . . 21
Ананың аҳыў-зары. . . . . 23
Балалар урысса... . . . . 24
Үйренипти әкеден . . . . . 25
Биреў келип... . . . . 25
Муғаллим ҳәм ата-ана. . . . . 26
Сөз қуўаты . . . . . 27
Бир муғаллимниң дебдиўи . . . . . 28
Базыбир ата-аналар бар. . . . . 29
Муғаллимниң қуўанышы . . . . . 29

Қымбат кийим. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Енди саққыз шайнамайман. . . . . . . . . . . . . . . . 30
Таза сақла тисиңди. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Ата-ана алдында. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Арамызда бала бар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Сораўларға жуўаплар. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Ўақыт. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Ҳүждан. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33

**Х. Сапаров**
**ТӘБИЯТҚА САЯХАТ**

*Қарақалпақ тилинде*
*„Қарақалпақстан“ баспасы*
*Нөкис—1997*

Редакторы—*Тилеўхан Даниярова*
Художниги—*Исмайыл Кыдыров*
Тех редакторы—*Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры—*Байрам Садықов*

ИБ—2013

Териўге берилген ўақты 23 07. 97 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 15. 08. 97 ж Қағаз форматы 60х84¹/₁₆ Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегель 12. Жоқары баспа усылында басылды Көлеми 2,25 б. т. 2,09 шәртли б. т. 1,74 есап б. т. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа 201 Баҳасы 19 сум

„Қарақалпақстан“ баспасы 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.

ҚР. Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.